THE LEGAL AID SOCIETY

Justice in Every Borough.

**Li nga wara xam ci lekkool liise bu fekkee dangay sooga yegsi**

Ay xibaar yu soxal doxandeem yiy sooga aksi ci wàllu bindu ci lekkool liise ci New York City.

**Bu fekkee damaa nekk ab doxandeem bu agsi lu yàggul, ndax mën naa bindu ci lekkool liise yi bu fekkee ma ngi dëkk ci këru dalalu kaay yi te nekku ma ak samay waajur?**

Waaw. Am nga sañ-sañ dem lekkool liise, bu fekkee sax ab doxandeem nga. Mën nga bindu ci lekkool liise yi ba kerook ngay am ñaar fukki at ak benn.

**Nak laay bindoo ci lekkool liise wala ci beneen xeetu lekkool.**

Boo beggee bindu ci lekkool liise, mën nga dem ci bérébu dalalu kaay njaboot yi di Family Welcome Center bi nekk ci sa gox. Béreb boobu di Family Welcome Center dina la wara mëna dimbale ci nga gis lekkool liise bu gën ci yaw. Dina ñu la wara jox "kayit biy tax nga mëna bindu" ba noppi dimbale la ci bindu. Na nga bayyi xel ni, am nga sañ-sañ ci bindu bu fekkee ni sax waa bérébu Family Welcome Center wax nañu la ni amoo ci sañ-sañ. Mën nga xamee bérébuFamily Welcome Center ci fii.

**Sama nekk ci këru dalalu kaay bi dafa am diir bu muy yem. Ndax danañu ma ko yokkal suma bindoo ci lekkool liise?**

Waaw. Boo bindoo ci lekkool liise, dinañu la yokkal diir bi nga wara nekk ci këru dalalu kaay bi ci boo ko sàkkoo. Dinañu la yokkal diir bi nga wara nekk ci këru dalalu kaay bi boo wonee luy firndeel ni bindu nga lekkool liise.

**Nak laay sàkkoo ag yokk ci diir bi ma wara nekk ci këru dalalu kaay?**

Laata diir bi nga wara nekk ci këru dalalu kaay bi di jeex, dangaa wara dem ca bérébu bindu waat bi di Reticketing Center (Këru 185, ca East 7th Street, ca réewu Manhattan). Boo yegsee, na nga wax ligeeykat yi dangaa bëgg ñu yokkal la ndax dangaa nekk lekkool liise. Boo xaare ba diir bi nga wara nekk ci këru dalalu kaay bi jeex ngay sooga sàkku ñu yokkal la, ci beneen këru dalalu kaay ngay tuxu. Boo sàkkoo ñu yokkal la bala diir bi di jeex, di nga wara mëna des ci këru dalalu kaay bi nga nekk.

**Nak laay firndeele ni ma ngi ci lekkool liise?**

Amna xeetu kayit yu bari yoo wara mëna yóbb ca bérébu bindu waat bi di Reticketing Center ngir firndeel ni bindu nga lekkool liise. Lenn ci kayit yi nga mëna indi ñooy:

- Bataaxal bu bàyyikoo ca lekkool ba di leeral ni bindu nga
- Nataalu telefoŋ bu xëtu enternet bi ñu naan “MyStudent dashboard” buy wone ni ya ngi ci lekkool
- Kayitu jëmm ndongo lekkool
- Kayitu jongante lëkóol
- Kayit bu aju ci porogaraamu lekkool buy wone ni bokk nga ci ab porogaraamu lekkool

**Waa suma amee laago nak?**

Soo amee laago ba tax mu am yooy soxla ci sa këru dalalu kaay, warnañu la jox ci kër gi lépp lu sa laago bi laaj. Mën nga am ay xibaar yu gëna yaatu ci nooy amee dëkkin bu jaar yoon ci sa këru dalalu kaay fii.

Bu fekkee sa laago bi dafa lay tere jang wala farlu ci lekkool bi, am nga sañ-sañ ci ñu jagleel la am njang wala ay coppite wala ci ñaar yépp. Boo bindoo lekkool, na nga waxtaan ak jangalekat bi wala ak kuy dimbaliwaate ci wàllu lekkool, wala kuy xélal até ci wàllu yoonu jang.

**Sàkku ndimbal**

Ngir sàkku ndimbal ci dëkkuwaay bu jaar yoon wala ci ñu yokkal la diir bi nga wara nekk ci këru dalalu kaay bi, wooteel ci buumu telefoŋ biy taxawu aq ak yelleefu ñi amul dëkkuwaay ci wàllu yoon ci 800-649-9125.

Ngir sàkku ndimbal ci mbindu lekkool, wooteel ci kureel guy taxawu aq ak yelleef ci wàllu njang ak ci wàllu yoon di Legal Aid’s Education Law Unit: 888-663-6880.

**Dankaafu**

Xibaar yi nekk ci kayit bii nak kureel guy dimbale ci wàllu yoon di Legal Aid Society daf ko joxe rek ngir ay leeral waaye nekkul ngir xelal kenn ci wàllu yoon. Xibaar yi jubluwuñu ci lëkkale kenn ak ki kay taxawu ci wàllu yoon, te boo ko jotee tamit na nga xam ni tekkiwul loolu. Waroo jëfe lenn ci xibaar yi te waxtaanoo ba noppi ak ab taxawu katu nit ci wàllu yoon.